

Vaksen COVID-19 yo: Sa w Sipoze Konnen



ENFÒMASYON: Vaksen COVID-19 yo pa p ba w COVID-19.

Pa gen onkenn nan vaksen COVID-19 ki an devlopman aktyèlman Ozetazini ki itilize viris ki an vi ki lakoz COVID-19 la.



ENFÒMASYON: Vaksen COVID-19 yo pa p lakoz tè s COVID-19 ki detekte viris la pozitif.

Vaksen yo pa p lakoz tè s ki detekte viris yo pozitif, yo itilize tè s sa yo pou detekte si aktyèlman ou gen yon enfeksyon.



ENFÒMASYON: Moun ki te malad ak COVID-19 yo kapab toujou benefisye de vaksen an.

Nan moman an, ekspè yo poko konnen pou konbyen tan yon moun pwoteje apre li fin refè anba COVID-19 pou li re-genyen l ankò. iminizasyon yon moun genyen apre li te gen yon enfeksyon (iminizasyon natirèl) varye de yon moun a yon lòt. Gen kèk prèv nou gentan genyen ki ta vle fè nou konnen ke iminizasyon natirèl la ka pa dire lontan.



ENFÒMASYON: Lè ou vaksinen sa ka ede w epi anpeche w malad ak COVID-19.

Pa gen onkenn fason pou konnen kòman COVID-19 ap afekte w. Si w malad, ou kapab simaye viris la bay zanmi w, fanmi w, ak lòt moun akote w tou pandan w malad la. Vaksen COVID-19 la pwoteje w alèd yon antikò kont COVID-19 san ke w pa malad.



ENFÒMASYON: Lè w resevwa yon vaksen ARNm, sa pa p altere ADN ou.

Pou pi fasil, nou kapab dekri ARNm (Asid Ribonikleyik mesaje) antanke yon enstriksyon sou kòman pou fè yon pwoteyin oswa jis antanke yon grenn pwoteyin. ARNm pa kapab altere oswa modifye sa ki responsab jenetik yon moun (ADN).